


**ФУДБОНИ ХЪÆРЦЦИГЪАТÆ ДÆР КÆРÆДЗЕЙ ТОНУН БАЙДАЙУНЦÆ!..**

***Нæ рагфидтæлтæй нин уæхæн загъд байзадæй: «Адæймаги раконд фидбилиз æрдзи фидбилизæй æверхъаудæр рауайуй; хаттæй-хатт син кæрæдзей хæццæ рабарæн дæр нæ фæууй, уомæн æма айдагъдæр еунæг тугъди ци адæм фæццагъди уй, æ фудæй цæйбæрцæбæл берæ бæлæхтæ æрцæуй, уой бæрцæ фуд нæ ракæндзæнæй зæнхизмæлд, донивулд, цийфæнди тухгин думгити дæр...»***

75 ПОБЕДА! 1945–2020

Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

# Дигорæ

0+

№30 (769) 2020 анзи 7 октябрь – кæфти мæйæ

Аргъ 1 туман

## ЗОНУЙНАГ



### УÆЛДАЙБАРГИНТÆ СÆХУÆДТÆ СÆ ФÆНДОН ЗÆГЪОНЦÆ

Куд нури уæнгæ, уотæ бабæй нур дæр 1 октябри уæнгæ Уæрæсей Пенсион фонди дæлхайæдтæ истонцæ федералон уæлдайбаргинти (льготникти) курдиæдтæ, паддзахадæ син ци социалон лæггæдтæ кæнуй, уони син нæуæг анзи циуавæр хузи (гъома, льготи хузи, кенæ ба – æхцай хузи) есунвæндæ кæнунцæ, уой фæдбæл.

Цæгат Иристони федералон льготниктæбæл (гæрзефтонг буцæути ветерантæ, Устур Фидибæстон тугъди архайгутæ, ка рамардæй, гæрзефтонг буцæути, еци архайгутæ æма тугъди архайгути бийнонтæ, «чернобылæгтæ», уæдта сахъат адæм æма уотæ идарддæр) нимад æнцæ 96 мин адæймаги. Уонæй алкедæр гъæуама рагацау æ фæндон исбæлвурд кодтайдæ, 2021 анзи райдайæнæй фæстæмæ æ федералон льготитæ ке ци хузи есун фæндуй, уой. Аци анзи фæткæ баййевунвæндæ ка нæ кæнуй, еци адæми сæрмагонд курдиадæ финсун нæ гъæуй. Еугур фарстати фæдбæл дæр дзорун æнгъезуй Пенсион фонди территорион дæлхайæдтæмæ. «Комкоммæ бастдзийнади» телефони номер æй **51-80-92**.



# ÆНСУВÆРТÆ КÆРÆДЗЕБÆЛ ÆНОВУД УНÆЙ ФЕДАУНЦÆ...

Цæгат Иристон æма Кæсæг-Балхъари ’хсæн бастдзийнæдтæ рагæй-æрæгæмæ дæр федар æма æнæфæххецæнгæнгæ адтæнцæ. Сауæнгæ Советон Цæдес ку фехалдæй æма кæддæр æрвадеуггæнæг адæмихæттитæй кæцидæртæ ку фæккæрæдземæ ’нцæ, уæддæр нæ медастæу еци рахастдзийнæдтæ хъоргонд не ’рцудæнцæ, нæ фæнниллæгдæр æнцæ.

Æма идарддæр дæр уотæ ке уодзæнæй, е ни федарæй æруагæс кæнуй. Уомæн ба ма еума æвдесæн иссæнцæ фæстаг рæстæги цаутæ. Айразмæ Цæгат Иристони минæвæртти къуар, сæ сæргъи нæ республики Сæргълæууæг **Битарти Вячеслав**, уотемæй бабæрæг кодтонцæ Кæсæг-Балхъар. Уоми сæ хъæбæр зæрдиагæй исиуазæг кодтонцæ æма баунаффæ кодтонцæ, иннæ фембæлд Дзæуæгигъæуи исаразун. Æма мæнæ евгъуд майрæнбони, 2 октябри нæмæ æрбацудæй Кæсæг-Балхъари бæрнон делегаци, æ сæргъи республики разамонæг **Казбек Коков**, уотемæй. Еци фембæлди рæстæг ци берæ аллихузон цитгингæнæн мадзæлттæ арæзт æрцудæй, уонæн сæ сæйрагдæр иссæй ахсгиаг гъуддаг – Битарти Вячеслав æма Казбек Коков бафинстонцæ дууæ республикей æхсæн æмгустдзийнади бадзурд. Уой фæдбæл ма хецæн æрмæгутæ мухур кæндзинан, абони ба уæ зонгæ кæнæн, Цæгат Иристон æма Кæсæг-Балхъари адæмти ’хсæн æнсувæрон рахастдзийнæдти фæдбæл историон науки доктор, профессор **Дзидзойти Валерий** ци историон уац бацæттæ кодта, уой хæццæ.

## АХСГИАГ ФАРСТА



### ДЗИДЗОЙТИ Валерий: «РÆСТУОД ХÆЛАРДЗИЙНАДÆ ÆНОСТÆМÆ ЦÆРУЙ!..»

Рæстзæрдæй æма кæрæдзей нимайгæй ци адæмтæ аразунцæ сæ медастæу рахастдзийнæдтæ, уони хæлардзийнадæ æцæгæйдæр æносон æй, сæ кæрæдземæн хæссуй хуарздзийнадæ, фарнæ æма уодæнцойнæдзийнадæ. Уомæн, æвдесæн æй Цæгат Иристон æма Кæсæг-Балхъари адæмти æхсæн ци æнсувæрон синхондзийнадæ исфедар æй, е. Уой фæткитæ æма æгъдæуттæн сæ гъомусадæ, рæстæгутæ цийфæнди карз æма фидбилизтæ хæссæг ку разинниуонцæ, уæддæр нæ нидæндæр кодта. Гъе уой фæдбæл æй мæ абони дзубанди дæр.

* * *

КАВКАЗИ адæмтæ, уæлдайдæр ба ирæнттæ æма кæсгæнттæ, рагæй цæрунцæ фæрсæй-фæрстæмæ. Кæрæдземæн уарзон æма хæлар ке адтæнцæ, уомæн ба ес намусгин традицитæ. Гъулæггагæн, дууæ рагон адæмти хæстæгдзийнадæ федардæр кæнуни туххæй раздæр дзаманти ци дессаги хабæрттæ æрцудæй, уонæмæ нури уæнгæ нæдæр кæсгон, нæдæр ирон историктæ се ’ргом нæ раздахтонцæ. Абони ци темæбæл дзубанди кæнæн, е ба ахсгиаг æй нури царди дæр, æма, куд æнгъæл ан, уотемæй æрмæг фæццæуд-зæнæй газеткæсгути зæрдæмæ.

2

**ФИДБИЛИЗ КУ ÆРЦÆУА, УÆД ÆЙ НÆ БАУОРАМДЗÆНÆ, ФАЛ СИ ФÆТТУХГИНДÆР УО!..**



### УÆХЕ БАГЪÆУАЙ КÆНЕТÆ!..

Цæгат Иристони Сæргълæууæг БИТАРТИ Вячеслав ци нæуæг Указ рауагъта, уомæ гæсгæ фондз æма æртинсæй анземæй фулдæр кæбæл цæуй, еци адæймæгутæн хееуварсгонди æмгъуд – даргъдæргонд æрцудæй аци анзи 18 октябри уæнгæ. Уогæ еци кари косгутæй сæ кусти фæткитæмæ гæсгæ сæ кустадон бунætти æнæмæнгæ ун ке гъæуй, уони туххæй унаффæ рахæссуни барæ лæвæрд цæуй кустуæтти разамонгутæн. Уæхæн унаффæ рахæссунæн гъæуама уа бæлвурд бундор, гъома, уæлдæр амунд категорий косæг æнæмæнгæ гъæугæ æй æ косæн бунати.

Куд уинæн, уотемæй нæ бæсти берæ регионти эпидемиологон уавæр нæуæгæй лæгъузæрдæмæ æййевуй. Цæмæй мах уæхæн уавæрæй гъæуайгонд уæн, уой туххæй ахедгæ хузи гъæуама æнхæстгонд цæуонцæ «Роспотребнадзор»-и æма санитарон цæстдарди иннæ оргæнти еугур амунддзийнæдтæ дæр. Районти разамонгутæ æма «Роспотребнадзор»-и дæлхайæдти специалистти ’рдигæй, уæлдай лæмбунæг каст гъæуама цæуа, адæм берæгæйттæй кæми фæуунцæ, еци бунæттæмæ, цæмæй нурæй фæстæмæ мæрдæгъдæуттæ æма æндæр уæхæн дзиллон саударæн мадзæлтти архайгутæн иуаронцæ маскитæ æма хегъæуайкæнуни æндæр санитарон фæрæзнитæ.

***Зундгонд ирон финсæг Айларти Измаил кæддæр уæхæн гъуди загъта: «Растæй-зулунæй, хуарзæй-лæгъузæй адæймаг æй адæми минæвар, æма, цийфæнди æвзагбæл дæр дзорæд, кæцифæнди динбæл – æуууæндундзийнадæбæл дæр хуæцæд, уæддæр æ Хуцауи рази гъæуама тæрегъæдæй тæрса, æ дзилли рази – ходуйнагæй...»***



# РÆСТУОД ХÆЛАРДЗИЙНАДÆ ÆНОСТÆМÆ ЦÆРУЙ!..

## ИРИСТОНИ ÆМА КÆСÆГ-БАЛХЪАРИ АДÆМТИ ÆХСÆН ИСТОРИОН РАХАСТДЗИЙНÆДТИ ТУХХÆЙ

Рагон дзаманти Кæсæг æма Иристони адæмти æхсæн еудадзугон æма æнгом бастдзийнæдтæ ке адтæй, уомæн æ бундор федардæр кодта экономикон фарстати фæрци. Фиццагидæр зæгъдзинæн зæнхи туххæй. Хестæртæй куд игъосгæ æрцудан, уотемæй кæддæр ирæнттæ-дигорæнттæ æма балхъайрæгтæ æмхузонæй пайда кодтонцæ, цæйбæрцæбæл хъæрдтæнцæ, уæхæн хуæнхаг хезæнуæттæй Хъæрæсей. Е нæ, фал ма еумæ бæгъатæр тох исамадтонцæ, аци зæнхитæ фæстæдæр æхе бакæнунмæ ка гъавта, хуæнхон Дигори еци издæнтти хæццæ.

**АДÆЙМАГ ЛИМÆНÆН Æ УОД ДÆР НЕ 'ВГЪАУ КÆНУЙ!..**

Куд зонæн, уотемæй Цæгат Иристони цæгатварс тъæпæнтæ еугурæйдæр адтæнцæ кæсгон æлдæртти къохи. Зæгъæн, Дигори коммæ бацæуæнти хецауеуæг кодтонцæ Мулдартæ, Курттати коммæ хæстæг, нури Дзиуаригъæу кæми æй, е уæди рæстæги хундтæй Барукино æма адтæй Гиляхстанови. Барукинойæй нигулæнæрдæмæ ба – æлдæртти зæнхитæ: Кубатей-кабак, Эльтюхов-кабак, Камбекуков-кабак, Тузаров – кабак æма æндæртæ. Еудзурдæй, ирæнттæ хуæнхти дæлбазур зæнхитæй пайда кодтонцæ, айдагъдæр кæсгон æлдæрттæй барæ ку райстайуонцæ, уæд. Цæрæнбæнтти нæ адæм зæнхæбæл ке тухстæнцæ, уой туххæй ба берæ хабæрттæ фæдздзорæн ес. 1755 анзи апърели архимандрит Пахомий паддзахи хецауадæмæ игъосун кодта, зæгъгæ, ирæнттæ цæрунцæ хуæнхти æхсæн æнгон æма хъæбæр лæгъуз, анзæй-анзмæ син хуар нæ фагæ кæнуй, хумгæнди зæнхитæ сæмæ ке нæййес, уой туххæй.

Гъуддаг изолдæр уотæ адтæй æма хуæнхбæсти цæрæг бийнонтæй еуæй-еуетæ бардзурдтæ аразун райдæдтонцæ кæсгон æлдæртти хæццæ æма фæстæдæр раледзиуонцæ будурмæ. Уотæ цалдæр дигорон гъæуи исирæзтæнцæ кæрæдзей фæсте. Зæгъæн, Туйгъанти гъæу – нури Дур-Дур, Хъарадзаути гъæу (Хæзнидон), Кет, Хъæрæгъæц æма æндæртæ. Иристони истори æртасæг профессор Б. Скитский финста, зæгъгæ, Тæгиати зæнхитæ уæлдай фулдæр æфтуйæгтæ хастонцæ. Хабар уотæ адтæй, æма етæ ахæстонцæ, Цæгат Кавказ æма Фæскавказ ка еу кодта, еци сæйраг над – Арвиком. Мадта дигорæнтти зæнхитæн дæр минкъийдæр ахедундзийнадæ нæ адтæй, Фæскавказ æма Кæсæги хæццæ ке базар кодтонцæ, уой туххæй.

***Аци уаци дæлсæргæндтæн ниввардтан нæ адæми зунди зæгъдтитæ.***

Нур ирæнтти хæдзарадон царди фулдæр нисанеуæг адтæй зæнхи кустæн. 1781 анзи уруссаг æфсади афицер Л. Штедери паддзахи хецаудзийнадæ рарвиста Иристонмæ æма финста: «... дзæхæрадæнтти етæ дæр, кæсгæнтти хузæн, зайун кæнунцæ хъæдорæ, турккаг нартихуар, болгæ, хуæргæнæстæ, еугуремæй фудæр ба цъæх тамаку. Еци хуарздзийнæдтæй базар кæнунцæ Мæздæги хæццæ. Етæ хуарз косунцæ сæ хумти, хуари уæлдæйттæ ба фонсбæл баййевунцæ кæсгæнтти хæццæ».

Ами нæ изолдæр зæгъун фæндуй: кæд Хуæнхон Иристон æхгæд адтæй XVI-XVIII æности, уæд фæстæдæр ирон адæмæн бастдзийнæдтæ ке фæззиндтæй Кæсæги хæццæ, уомæн устур ахедундзийнадæ адтæй. Уæди рæстæги Кæсæг базар кодта Уæрæсей хæццæ, хъиримаг хантæ æма Турки хæццæ. Аллихузи товартæ ба кæрæдземæй минкъий не 'лхæдтонцæ. 1747 анзи уруссаг къупецти къуар Хъизларæй æрцудæй Кæсæгмæ æма си адтæй 100 адæймаги. Кæд Иристонæн XVIII æноси фиццаг æмбеси бастдзийнæдтæ нæ адтæй Уæрæсей хæццæ, уæддæр Кæсæги зæнхæбæл фадуат адтæй уруссаг къупецтæ æма гребенскаг хъазахъæгти хæццæ базар кæнунæн. Æхца кæми адтæй, фал ирæнттæ гъæуууонхæдзарадон продукттæ æйййивтонцæ хъумацбæл, цæнхæбæл, æфсæйнагæй конд хæдзари дзаумæуттæбæл, хуар æма æндæр товартæбæл.

Зундгонд ахургонд Г. Клапрот 1807-1808 æнзти æ киунугæ «Балци Кавказмæ æма Гурдзимæ», зæгъгæ, уоми финста: «Дигорæнттæн сæ бон фæццæрун нæй æнæ Кæсæгæй. Ардигæй алкæд есунцæ цæнхæ, хуар ку не 'рзайуй, уæдта – хуар. Тиллæг не 'рзади цаутæ ба еци уæлхонх бæсти ахид фæууй».

Идарддæр Кæсæг, Иристон æма Уæрæсей æхсæн базарадæ никки хъæбæрдæр истухгин кæнунæн устур æнхус фæцæй, 1736 анзи горæттæ-федæрттæ Хъизлар æма Мæздæг арæзт ке æрцудæнцæ, е. Паддзахи хецауадæ гъавта Цæгат Кавкази экономикæй æнхæстæй испайда кæнун, æма уой туххæй аци цæрæнбунæттæмæ æрветун райдæдта хуæнхæгти, куд бонгинти, уотæ уони дæлбарæ ка адтæй, еци зæнхкосгути дæр. Зæгъæн, 1764 анзи 116 кæсгон бийнонти адтæй Мæздæги. Куд зонæн, уотемæй ами курдбадзи фулдæр косгутæ адтæнцæ ирæнттæ æма черкесæгтæ. Мæздæги алливарс исирæзтæнцæ кæсгæнттæ æма, этникон къуар «цъайтæмæ» ка хаудтæй, уæхæн ирæнтти еумæйаг гъæутæ. Ами цæрæг сомехæгтæ æма гурдзиæгти хæццæ сæ къохи адтæнцæ Теркæй Сунжи цæугæдонмæ берæ зæнхитæ. Нæуæг æрледзгутæн барæ адтæй æнæ пошлинæй базар кæнун. Куд сæ фæндæ адтæй, уотæ сæ продукттæ сæребарæй æйййивтонцæ цæнхæбæл, æфсæйнаг æма æндæр товартæбæл. Фæстæдæр хуæнхæгтæ райдæдтонцæ æхцайæй базар кæнун, æма сæ равналæнтæ бæлвурд фæуурухдæр æнцæ.

**ÆФЦÆГ КÆМИ ЕС, УОМИ БУДУР ДÆР ЕС!..**

Нуртæккæ нæмæ ци историон литературæ ес, уоми бæлвурд амунд цæуй, еуæй-еу хуæнхаг адæмтæ, уой хæццæ ирæнттæ дæр, ке адтæнцæ кæсгон æлдæртти дæлбарæ. Б. Скитскийи гъудимæ гæсгæ еци рахастдзийнæдти медес уæхæн адтæй, æма ирон феодалтæ архайдтонцæ, цæмæй сæ кæсгон æлдæрттæ æма сæ дæлбарæ адæм сæ базури буни бакæнонцæ, гъæуай сæ кæнонцæ, æма уой туххæй ба цæттæ адтæнцæ цийфæнди лæггæдтæ син кæнунмæ дæр. Фал кæсгон æма ирон адæмти дæлбареуæггæнæг гъæздуг рахастдзийнæдтæ нæ фæззиндтæнцæ дууæ синхаг хуæнхаг адæмти хæлардзийнадæбæл. Кæсæг æма Иристонæн уæди рæстæги адтæй æнгон политикон бастдзийнæдтæ æма XVIII æноси дæр устур æнхус фæцæнцæ ирон æхсæнæдти æма Уæрæсей рахастдзийнæдтæ хуæздæр кæнунæн.

Фæстæдæр Иристон Уæрæсей хæццæ ке байеу æй, е адтæй æнæмæнгæ бакæнуйнаг гъуддаг, æма ибæл рагагъоммæ дини косгутæй арæзт къамис берæ бакуста. Профессортæ Блити М. куд гъуди кæнуй, уотемæй Уæрæсей хецауадæ архайдта еци еудзийнади фæрци æ нисантæ Центрон Кавкази царди рауадзунбæл. Къамис æ архайд райдæдта 1745 анзи æма еудадзуг æнцадæй кæсгон æлдæртти æнхусбæл. Иристонмæ æй рарветуни агъоммæ канцлер А. Бестужев-Рюмин курдта, цæмæй пайдагонд æрцæуа кæсгон æлдæрттæ Магомед Атажукин æма Адильгирей Гиляхстанови лæггæдтæй. Бæлвурддæр ку зæгъæн, уæд паддзахи минæвæртти æдасдзийнадæ багъæуай кæнуни туххæй 1744 анзи декабри аргъауæни уæлдæр оргæн (Синод) дини косгутæй арæзт къамиси иуонгтæй алкæмæндæр равардта финстæгутæ кæсгон æлдæрттæ Адильгирей Гиляхстановмæ, Мудар Жангеров æма Батырмирза Мударовмæ. Амунд ба си адтæй, ци сæ исаразун гъудæй, уони туххæй бæлвурд хабæрттæ.

Хъизлари комендант В. Оболенский 1745 анзи Синодмæ фегъосун кодта, зæгъгæ, паддзахи æрвист адæм æрхъæрдтæнцæ Кæсæгмæ. Ами къамиси иуонгтæ бафусун кодтонцæ А. Гиляхстановмæ, æма имæ фæцæнцæ цалдæр бони. Саугин Пахомий игъосун кодта: «Адильгирей нæбæл исæмбалдæй устур кади хæццæ, æртæ бони фæцæй мах хæццæ, сауæнгæ ма нæ Тæтæртуппи ин ци зæнхитæ адтæй, уордæмæ дæр нæ бахъæртун кодта». Идарддæр Пахомий куд финста, уотемæй 15 майи адтæнцæ Иристони. Уæди рæстæги æлдар А. Гиляхстанови «тæтæртуппаг зæнхитæн» сæ географион æвæрдмæ гæсгæ син адтæй ахсгиг тугъдон-стратегион æма базарадон устур нисанеуæг. Æма уой туххæй аци зæнхити хецауæн XVIII æноси астæу адтæй уæлдай фулдæр кадæ цæгаткавказаг æлдæртти æхсæн.

Райдайæнæй фæстæмæ ирон дини косгутæй арæзт къамисæн дæр кæсгæнттæ кодтонцæ ахедгæ æнхус. Аци гъуддагбæл дзорæг æй, Минкъий Кæсæги зæнхæбæл минæваради косæндонæн бундор æвæрд ке æрцудæй, е. Фал 1765 анзи Турк ниццæхгæр æй, зæгъгæ, ирон хæдзарæн уæн нæййес Кæсæги, е дан, æй Белградаг бадзурди нихмæ.

Уруссаг-ирон рахастдзийнæдтæбæл дзоргæй XVIII æноси уруссаг документон æрмæгути куд финст ес, уотемæй кæсгон бонгинтæ дууетæн дæр кодтонцæ еудадзугон æнхус. Дини косгути Ирон къамиси поручик А. Бибирюлев 1747 анзи Синодмæ игъосун кодта, Хъизлари федарæй гъæуайгæнгути къуар æрвист ке æрцудæй саугин Пахомий Иристонæй Хъизлармæ бахъæртун кæнуни туххæй. Æлдар Адильгирей Гиляхстанови æрдигæй ба, дан, æнхус уодзæнæй. Уордæмæ игумен Никъала æма е 'нсувæр Кайхосро Махотелови æдасæй исæмбæлун кæнуни фæдбæл. Къамиси разамонгутæ æнхус курдтонцæ Устур кæсæги бонгинтæй дæр, уæлдайдæр иннетæй нимадидæр æлдар Магомед Кургокинæй.

Уруссаг-ирон рахастдзийнæдтæ фæххуæздæр кæнунæн устур агъаз XVIII æноси фæцæй ирон æхсæнæдти балц Петербургмæ. Æ минæварадæ Хъизлармæ надбæл æрфусун кодта Минкъий Кæсæги Анзортæмæ.

6

Цæрæнбунæтти рауæнтæ гъæуай кæнуни Еугурдуйнеуон бон бæрæггонд цæуй 6 октябри.

*Номдзуд уруссаг финсæг Лев Толстой кæддæр уæхæн гъуди загъта: «Адæймаг райгуруй тæрегъæдгинæй. Уотæ ка гъуди кæнуй, æма тæрегъæд искæдзосгæнæн ес динæй кенæ адæми хатирæй, зæгъгæ, е рæдуйуй. Тæрегъæдæй неци ервæзун кæнуй. Еунæг мадзал ес айдагъдæр: дæ тæрегъæд, дæ рæдуд зонæ æма сæ нæуæгæй мабал æруадзæ...»*





# МÆГУРИ ГЪАРÆНГÆ ГЪÆЗДУГУТÆМÆ НÆ ИГЪУСУЙ ÆГИРИДДÆР...

***Дзиллон хабархæссæг фæрæзнити æрæги ци игъосункæнуйнæгтæ фæззиндтæнцæ, уонæмæ гæсгæ нæ бæсти бабæй фæббæрзонддæр æй мæгурдзийнади æмвæзадæ. Уæрæсей статистикон косæндони (Росстат) бæрæггæнæнтæмæ гæсгæ, адæймагæн цæмæй уотид фæццæрунæн ци гъæуй, уомæн æ тæккæ минкъийдæр бæрци ханхæй ниллæгдæр уавæри аци анзи фиццаг квартали равзурстæнцæ 19,9 миллион адæймаги, гъома, нæ адæмæн сæ 13,5 проценти. Евгъуд анзи еци рæстæги бæрæггæнæнти хæццæ рабаргæй мæгургорти нимæдзæ фæффулдæр æй 1,3 миллион адæймагей, гъома, нæ адæмæн 0,7 процентей бæрцæ.***

Дзубанди дæр ибæл нæййес, еци «исирæзт» æгæр агъазиау æй. Мæгургор адæми бæрцæ æнæуой дæр фулдæрæйфулдæр кодта, нур ба уæрæсейæгтæй алли æвдæймаг адæймаг дæр бустæги дæр æрмæгур æй. Æнæ фегæр кæнгæй, уавæр æцæгæйдæр уотæ ’й. Æрмæгур æнцæ, зæгъгæ, нимад ка цæуй, уонæн се ’фтуйæгтæ æрхаудтæнцæ, фæллойни министрадæ ци бæрцæ иснисан кодта, уомæй дæр ниллæгдæр бæрцæмæ: 12 392 соми косæг адæмæн, 9 422 соми пенсиесгутæн æма 11 423 сувæллæнттæн. Уой хæццæ ба уой зæгъун гъæуй, æма адæми æфтуйæгти æрхауд апърел – июни иссæй 8% - е иссæй рекорд сауæнгæ фæсдефолти 1999 анзæй фæстæмæ.

Мæгургор адæми бæрцæ уоййасæбæл берæ цæмæн иссæй, уой рæуони фæдбæл Росстат уотæ зæгъуй: «Нæхъæртон адæми бæрцæ исирæзтæй, пандемий рæстæг гъуддагон разæнгарддзийнадæ ке фæнниллæгдæр æй, уой фудæй, æма уомæ гæсгæ ба æрхаудтæнцæ æхцай æцæг æфтуйæгтæ дæр....» Гъома, ами дæр бабæй иссирдтонцæ фудгин – еци æнæхайири коронавирус.

## БÆЛАХÆЙ ÆФХУÆРД - АЙДАГЪДÆР ÆВУД АДÆМ?..

Гъо, уотæ дæр фæуууæд. Фал коронавируси кой кæнгæй æнæ зæгъæн нæййес еу хабари туххæй дæр. Аци незихаттмæ ци десифтауæн менеугутæ ес, уонæй еу е æй, æма æ фудмиутæй цæмæдæр гæсгæ гъезæмæрттæ æвзарун кæнуй айдагъдæр, уотемæйдæр æгудзæг уавæри ка æй, еци адæми, сæ æфтуйæгтæ дæр уонæн фæмминкъидæр æнцæ, æгустæй дæр фулдæр етæ райзадæнцæ, сæ исонибон дæр уонæн æй тæссаг... Бонгинтæ ба æгириддæр гъигæдард не ’рцудæнцæ. Е нæ, фал ма сæ æфтуйæгти бæрцитæ никки хъæбæрдæр исирæзтæнцæ, сæ мулкитæбæл никки фулдæр мулкитæ бафтудæй. Е мах æримисгæ хабар нæй – дзиллон хабархæссæг фæрæзнити, уой ба, хецауадон си ка ’й, сауæнгæ уонæми дæр уой тухххæй хъæбæр берæ койгонд цæуй, бæлвурд нимæдзитæ си æвдесгæй.

## ЕСКÆМÆН УОДИБÆСТÆ ИСКÆНУНМÆ НÆ НЕКЕ РАЙЙАФДЗÆНÆЙ?..

Уогæ ба цæйбæрцæбæл деси æрфтауæг хабæрттæ цæуй нæ бæсти. Мæгургорти нимæдзæ нæм уоййасæбæл карзæй ке фæббæрзонд æй, уой игъосункæнуйнæгти хæццæ ма райгъустæй еу хабар – уæрæсейаг хецауадæ исфæндæ кодта «Африки паддзахæдтæн гуманитарон агъази тухххæй ООН-и (Еугонд нацити Организаци – Ред.) Еугурдуйнеуон хуæлци программи фонд»-мæ фæрæзнитæ барветун.

Уæхæн унаффæ ба хаст æрцудæй, Белоруссийæн 1,5 миллиард доллæрей бæрцæ кредит раттуни тухххæй унаффи тæккæ хуæдфæсте. Æма Белоруссийæн ке агъаз кæнæн, е лæдæрд æй – нæ синхон æма æмцæдесон паддзахадæ ’й, æма имæ уæззау уавæри куд нæ фæккæсæн. Фал кæмидæр идард Африки, ка нин æнцæ æма нин ци ’нцæ, уой æнхæст нæ лæдæргæй, еци паддзахæдтæн уæхæн таукел лæвæрттæ кæнæ, уомæн рæуæнттæ æримисæн дæр нæййес.

Уой фæдбæл хецауади сайти ци документ фæззиндтæй, уоми куд финст ес, уотемæй «целевое финансирование гуманитарной помощи окажет позитивный политический и информационный эффект, подтвердит статус России как ответственного донора гуманитарной деятельности и содействия устойчивому развитию, а также укрепит двусторонние отношения с этими государствами...» Е куд лæдæргæ æй - гъома, цæмæй нин фæсарæнти кедæр зæрдæмæ фæццæуæн,уой тухххæй, уой тухххæй нæхе мæгурти ба никки фæммæгурдæр кæнун æнгъезуй? Уотæ æнгъæл ан, æма хецауди уæхæн рæдаудзийнадæ, нæхе, гъæуагæдзийнæдтæ æвзарæг адæм ку нæ балæдæронцæ...

## ЦИДÆР ÆЦÆГÆЛÆНТТИ КУ БАФСАДИЙАНÆ

Нæ хестæр газеткæсгутæ ’й хуарз гъуди кæндзæнæнцæ, Советон Цæдес цæйбæрцæбæл устур агъазтæй фæррæвдудта берæ «мæгур» паддзахæдтæ, æма си ци рамулдтан? Уотид арфи æгъдауæй дæр си неци фæууидтан, уой хæццæ ба ма сæ «бознугадæ» уомæй равдистонцæ, æма си еуетæ, æндæр, сауæнгæ нæ коммæ знæгтæй кадæртæ син фулдæр ку февæриуонцæ, уæд махмæ ба сæ къилдун фæззелиуонцæ, кадæртæ ба си нæ комкоммæ знæгтæ фестиуонцæ. Уæддæр син алцидæр ниххатир кодтан, кæддæр си кæмæндæр уотид æфстау ци æхца равардтан, уони дæр нæбал байагурдтан. Гъе уæхæн рæдау ан!.. Кæд еудадзуг гъарæнгитæ кæнæн, гъома, нæ экономики æскъудтитæ цæмæй бампъозæн, уомæй нæ хъæртæн, нæ адæми социалон æгудзæгдзийнæдтæй цæмæй фæййервæзун кæнæн, уомæн нæмæ фæрæзнитæ нæ фагæ кæнуй, зæгъгæ, уæддæр еске цæсти ба нæхе гъæуама зæрдерухæй бавдесæн.

Дзиллон хабархæссæг фæрæзнитæ куд фегъосун кодтонцæ, уотемæй Африкæн фæййагъаз кæнуни тухххæй Уæрæсей Хецауадæ радех кодта 10 миллион доллæри. Етæ минкъий фæрæзнитæ нæ ’нцæ. Æма етæ ци паддзахæдтæмæ æрвист æрцæудзæнæнцæ, уони не ’хцатæ, æвæдзи, хъæбæрдæр гъæунцæ – нæ пенсиесгутæ, коронавируси фудæй нæмæ хъæбæр ка исберæ ’й, еци æгуст адæми разæй.

Уæдта ма аци хабармæ гæсгæ еу фæндон бахæссуйнаг ан. Кæд хецаудзийнади абониккон бæрзонди бадгутæ уотæ зæрдристæй тухсунцæ цидæр африкаг паддзахæдти мæгурдзийнадæбæл, уæд син мах харзæй агъаз кæнуни бæсти уотæ бакæнæд, æма Уæрæсей мулкитæ ка фæддавта æма сæ фæсарæнти ка даруй, уони харзæй син агъаз кæнæнтæ. Ка ’й зонуй, кæмидæрти син еци паддзахæдти дæр зæнхитæ æма галауантæ ес... Ци нæ фæууй.

## АДÆМИ ЦÆСТÆ – УИНАГÆДÆР

### ХЪАЛ ЛÆГ Æ ФИНГÆЙ ХУÆЦУЙ, МÆГУР БА – Æ БÆРЗÆЙÆЙ...

Уæ зонгитæй кæд еске гъæздуг æй, уæд, сумахмæ гæсгæ, цæй фæрци исбонгин æнцæ? Адæми гъуди æртасгутæ аци фарста кæмæ равардтонцæ, уонæй алке бон дæр адтæй фондз равги байамонун, æма сæ дзуæппитæ рауадæнцæ мæнæ ауæхæн: (нимад цæунцæ процентæй)




## ДÆ ЦЪУХБÆЛ КУ НÆ ХУÆЦАЙ...



Еу кæсалгдзау исфæндæ кодта кæсæлгитæ нийиахæссун. Еци фæндæй цæугæдони еу билæй иннемæ хизæ нийтигъта, уæдта бæттæнбæл дор ниббаста æма си дон хуайун байдæдта: кæд кæсæлгитæ еци дорадзагъдæй фæттæрсиуонцæ æма ледзгæ-ледзгæй æнæнгъæлти хизи исмедæг уиуонцæ. Уотемæй æй æрæстæфтæй бунæттон цæргутæй кадæр æма ин еци тингунæй уотæ ку бауайдзæф кæнидæ:

- Нæ цæугæдони дон нин æзмæнтис. Æма ’й еци лæкъунæй куд гъæуама ниуазæн?!.

Кæсалгдзау ин еци æнæзнæтæй дзуапп равардта:

- Гъо, фал æй ку не ’змæнтон, уæд кæсæлгитæ дæр нæ æрахæсдзæнæн æма уотемæй ци бахуæрдзæнæн?..

Раст цума кæсалгдзауи фæнзунцæ, уой хузæн сæхе дарунцæ нæ паддзахади гъуддæгутæ ке бæрни æнцæ, уонæй беретæ. Ци унаффитæ рахæссунцæ, уонæн сæ зингæ хай разиннунцæ комкоммæ знаггадæгæнæг – уой дæр хумæтæг адæмæн. Сæхецæн ба си, куд фæззæгъунцæ, цъасæ къапекки бæрцæ дæр зæран нæ фæууй. Уомæн æма сæ еци унаффитæй етæ сæхецæн пайдахæссæг хизтæй цæхгæрмæ æрæхгæнунцæ нæ цардаразæг «цæугæдæнттæ» æма син сæ рæсог дæнттæ сæ дорадзагъдæй ниллæкъунтæ кæнунцæ, уой дæр уойбæрцæ, цæмæй ма син равгитæ уа айдагъдæр сæхецæн «кæсæлгитæ» ахæссунæн, гъома, мулкитæ едзунæн... Мæгур адæм ба... Еци кæсалгдзаутæмæ еуцæйбæрцæдæр æфсæрми ку уидæ æма еци адæми хабæрттæ аразунæй комкоммæ ихæсгин уогæй, уони сагъæстæбæл ку тухсиуонцæ, уæд нин нæ гъуддæгутæ уоййасæбæл æдзæсгонæй нæ лæкъунтæ кæниуонцæ.



**Максим ТОПИЛИН,** ***Уæрæсей Федераций Пенсион фонди правлений сæрдар:*** **«Мæгургор пенсиесгутæ нæмæ, куд зонетæ, уотемæй нæййес – уотид æндагон менеугутæмæ гæсгæ...»**

*Нæ зонæн, аци чиновник циуавæр æндагон менеугутæмæ гæсгæ искодта уæхæн хатдзæг. Æвæдзи, министртæй, хецаудзийнади бæрзонддæр рауæнти бадгутæй ка испенсиесæг æй, айдагъдæр уони уинуй, иннетæ ба имæ нимади нæ ’нцæ. Уомæ гæсгæ ба уой зæгъуйнаг ан, æма æ еци загъд макæд исрæдуйæд хумæтæг пенсиесгути рази – сæ фурæгудзæгæй ин бæлах ку исаразонцæ...*



**Роман ХУДЯКОВ,** ***Паддзахадон Думи депутат:*** **«Махмæ чиновниктæ еугурæйдæр бадунцæ Мæскуй кенæ Питери. Уотемæй ба сæ куст æй Сибир æма Идард Искæсæни райрæзт...**

*- Гъæла сæ æнгъæлетæ еци чиновникти. Лæдæрунцæ Сибири райрæзтбæл кенæ Питери архайун кæмити пайдадæр æй, Сибири бадгæй райрæзтбæл барæ-æнæбаридæр архайунæй...*



**Олег ДЕРИПАСКА,** ***миллиардер*****: «Хуæдтæхæгæй Мæскумæ æрбатæхгæй, алли хатт дæр сагъæсти бафтуйун: уойбæрцæ адæм уоми ци косунцæ? Цæйбæрцæбæл уæзæ æй нæ экономикæн... Нæкæси, Сибир дессаги рауæн æй нæ сæйраг сахар фæуууæгъдæдæр кæнунæн...»**

*Дессаги æргъуди æй, фал, æвæдзи, хуæздæр уодзæнæй, нæ бæсти экономикæ нин сæ давæн-хæлæфгæнæн миутæй æ уæргутæбæл ка æрлæууун кодта æма уой фæрци ка исмиллиардертæ ’нцæ, фиццагидæр бал уони уордæмæ рарветун. Æма син уоми уæд сæ сæйраг сахар дæр: æ кæрæнтти – еумæйаг режим, астæуæй – карз режим, бæрæгастæу ба – царди кæронмæ фæуунæн...*



**Леонид КАЛАШНИКОВ,** ***Федераций Совети иуонг, Уæрæсейæй ка фæллигъдæй, еци бизнесменти фæстæмæ æрбаздæхуни тухххæй:*** **«Цæй тухххæй сæ гъæуама æрбаздахæн? Фæддавта, фæллигъдæй, нур ба гъæуама æрбаздæха? Æз уотæ нимайун, æма е раст нæй. Уæдта ’й адæм дæр нæ балæдæрдзæнæнцæ...»**

*- Фæддавтай, фæллигъдтæ, баниуазтай сæ – е лæдæрд æй, уомæн æма махæрдигонау æй. Фал фæддавтай, фæллигъдтæ, æрбаздахтæ – уой ба неке балæдæрдзæнæй. Мах давгутæн уæхæн удиконд нæййес, æма си еске адæмон есбонадæй фæддавта, уæдта фæсмонтæ кæна, хатиртæ кора...*

**Психикон æнæнездзийнади Еугурдуйнеуон бон бæрæггонд цæудзæнæй 10 октябри. Еци хузи æнæнездзийнадæ ба нæ адæми уæлдай хъæбæрдæр гъæуй абони, коронавируси фудæй тухст уавæрти.**



ТÆБÆХСАУТИ Бало

# ФИЦЦАГ РОЛЬ

***Тæбæхсаути Балой цардвæндаг æма исфæлдистади туххæй нæ зундгонд финсæг Бесати Тазе (1910-1981) еувгъуд æноси 60-аг æнзти ци бундорон очерк ниффинста, уомæн уæхæн кæронбæттæн искодта: «Махæй федарæй æруагæс кæнуй, Бало, дæуæн дæ гъæздуг хуар ке æрзадæй, дæ мæсуг рæсугъд амад ке 'й... Нæ зæрдæ дин зæгъуй, хъазар æмбал, ци надбæл ра-***

***...Уой размæ æхсæвæ карз уарун адтæй. Уомæ гæсгæ ба Гиго санаторийæй рацудæй, куд фæндæ кодта, уомæй æртæ сахатти раздæр. Фал ин е дæр неци фæййагъаз æй. Терк хъæбæр райвулдæй æма хед фæлласта. Хедæн ма æ еу хай донмæ æрзæболæ 'й æма 'й æ хъаурæгин уолæнтæ, æрра берæгъти хузæн, æвдирзтонцæ.***

Гиго еу дзæвгарæ фæллæудтæй дони билæбæл æма сагъæсгæнгæй игъуста Терки нæрунмæ.

- Идæрттæбæл фæццо æма дæ хæдзарæ иссерæ, - райгъуста Гиго æваст фæрсæрдигæй æ шофери гъæлæс.

- Уомæй хуæрздæр неци уайдæ нуртæккæ...

- Æма уæд горæтмæ кæд исхъæртдзинан?

- Дæс сахаттемæ уоми уодзинан,- фæццурд æй, е. – Раздæр нæ...

Шофери фæстаг дзурдтæй зæрддзæф фæцæй Гиго. Æхе уæззау æруагъта еуварсæрдигæй ци дор адтæй, уобæл: «Бабун кодтон бæстæ – спектакль мæн фудæй никъкъулумпитæ уодзæнæй...»

***

Людовик XIV къæлæтгини бадтæй театри директор æма цидæр æнахур тухст гъæлæсæй дзурдта:

- О, мæнæ бæлахи гъуддаг... Мадта нур ци 'ргъуди киндæ уа?..

Æ алливарс æнæ ести дзоргæй, мæтъæлхузæй лæудтæнцæ актертæ æма етæ дæр сагъæс кодтонцæ… Цидæриддæр амал адтæй, - фæстегæй си нецибал ниууагътонцæ: радзурдтонцæ Цъæймæ, бæлццони размæ рарвистонцæ хуæдтолгæ, æрæмбурд кодтонцæ актерти дæр æма нур æнгъæлмæ кастæнцæ, фал Гиго зиннæг ба нæййес.

Еу сахат ма рацудайдæ. Директорæн æ бон нæбал адтæй æма фæстагмæ, æ къох ракъуæргæй загъта:

- Раййеветæ афишæ!

Фал иннæ спектаклæн дæр æвдесæн нæ адтæй – артисттæй кадæртæ нæ фæззиндтæнцæ.

- Гъе нур лæг мæстæй куд нæ ратона! – фæгъгъæр кодта директор æма мæстгунæй æ цæститæ рахаста, æ рази ка лæудтæй, еци актертæбæл. – Кæмæй баруагæс адтайдæ æма Гиго байрæги кæндзæнæй! Цæй, цийфæнди дæр уæд. Афишæ раййеветæ!

- Минкъий ма бангъæлмæ кæсæн?.. - райгъустæй фæсдуарæй кедæр гъæлæс.

Директор æ бунатæй фестадæй æма æ цæститæй райагурдта, æ дзурдбæл ин дууæ ка загъта, еци адæймаги.

- Æма уæд Бартолени роли ба ка рагъаздзæнæй? – мæстгунхузæй бадзурдта рохсдармæ. – Ду æви ка?

- Рохсдар фæкъкъæндзæстуг æй æма уайтæккæ цидæр æрбацæй. Актертæ ракуддæр æнцæ æма директормæ уайдзæфгæнæги каст бакодтонцæ. Уонæн сæ зæрдæмæ нæ фæццудæнцæ е 'нæрцæф дзурдтæ. Актертæй кадæртæ æнæзонгæ нæ адтæнцæ, рохсгæнæг сценæ ке уарзуй æма артис исунмæ ке бæллуй, уой. Æма си кæд алке дæр хуарз зудта, актер исуни туххæй берæ ахур кæнун ке гъæуй уой, уæддæр рохсгæнæг биццеубæл уотæ гъæртæ кæнун не 'нгъизтæй. Цийфæнди фæрсаг куст кæнæд адæймаг, театрмæ цийфæнди æнæнгъæлти æрбахауæд, аййевадæмæ æгириддæр маци барæ дарæд, уæддæр адæймаг æй... Дæ масти фæдбæл цæмæн цæуис... А ба театр берæ уарзуй.

Æртæ анзей размæ уруссаг драмон театрмæ æрбацудæй е, е 'фсæддони цæфхатгин цулухъътæй къупп-къупгæнгæ, уæззау ампъезтæй бараст æй комкоммæ директори косæнуатмæ.

- Куст уæмæ, зæгъун, кæд ес... – Æ хорсугъд къепгæ æ къохти æууæрдгæй загъта уæзбун гъæлæсæй.

- Махмæ куст нæййес, - загъта ин директор.

Фал адæймаг æнцонтæй кæмæй фæййервæза, биццеу уæ-


ТÆБÆХСАУТИ Бало æригонæй

хæн нæ разиндтæй: раст цума уоми косун райдæдта, уотæ алли бон дæр æрбацæуидæ, директори косæнуати рази ислæууидæ æма æ бунатæй цалдæргай сахæттæ змæлгæ дæр нæ фæккæнидæ.

- Гъома дæ æнæмæнгæ махмæ цæмæн фæндуй? Æндæр бунат некæмибал ес, æви? – æхе нæбал бауорæдта директор æма мæстгунхузæй искастæй хеваст лæхъуæнмæ.

- Мæн театри фæндуй косун, æндæр некæми.

- Æма раздæр ба кæми кустай?

- Ардигæй идард æй – Сахалини.

- А, уой зæгъæ мадта! – директор имæ цидæр æнæууæнкæ каст бакодта.

– Е æцæгæйдæр идарддзæфгомау æй!.. – Æма лæг е 'нгулдзитæй стъол æрхуаста, æхенимæр гъуди кодта, мадта æй ци рæуонæй фендæдуар киндæуа, зæгъгæ. Фал имæ иннердигæй ба дзæбæх лæхъуæн фæккастæй, цидæр си æ зæрдæмæ фæццудæй, æма æнæнгъæлти исарази æй.

- Хуарз мадта. Цæмæ арæхсис? Электрон гъуддæгутæн ести лæдæрис?

- Лæдæрун.

- Сценæ рохсгæнæгæй бал дæ исæвæрæн, гъæй? Арази дæ?

- Дæн, - исарази æй биццеу уайтæккæдæр.

Еци æхсæвæ режиссери агъазгæнæг биццеуæн бакастæй æнæгъæнæ лекци: «Сценæ æма рохс». Æма æхенимæр дес кодта, нæуæг косæг куд зæрдæргъæвд æй, аййевадæ куд æнахур хуарз лæдæруй, уобæл.

Фиццаг спектакли фæсте актертæ аразийæй байзадæнцæ биццеуæй. Е хъæбæр хуарз исарæхстæй æ зин ихæстæ æнхæст кæнунмæ.

Нæуæг косæг, сценæбæл цитæ цудæй, уони уотæ хуарз лæдæрдтæй æма ахсгиагдæр нивтæй, гъæугæдæр фæззилдтитæй еу дæр некæд ниууагъта ауони. Мæнæ артист роли бацæугæй, устур маст кæнуй æнæдзоргæй. Нæуæг косæг рохс байаразуй æ тæккæ афони, артистти цæстити æрттивд, æ цæсгони алли нерв дæр разиннуй адæммæ, æма сæ зæрдæмæ райсунцæ маст. Мæтъæл нивæн иссеруй тардæр рохс, игъæлдзæг нивæн – ирддæр.

Артисттæ сæ гъос дарун райдæдтонцæ еци бæрзонд, æфсæрмигæнагæ лæхъуæнмæ. Сæ зæрдæмæ бонæй-бонмæ хъæбæрдæр цудæй, æхе куд сабур дардта, æ куст куд æновудæй кодта, е. Алкæмæндæр æй фæндæ адтæй хуарздзийнадæ ракæнун...

Фал аци биццеу, нæуæг рохсдар æвеппайди ести роли рагъаза, уой æнгъæл некæд адтæнцæ.

Æцæг Валоди æхуæдæг уотæ нæ гъуди кодта. Е рацудæй æма æргомæй загъта:

- Æма ци, цæмæннæ ба рагъаздзæнæн Бартолени роли!

Æнцон нæй уæхæн устур загъд исфæразун, никки зиндæр ба æй адæймагæн е 'нгъæлдзау тухст гъудитæ уорамун. Фал нур дзорун бафæразта, æма æнгъæлмæ кастæй хецауи унаффæмæ.

- Ду?!.

- Директор сабургай æрбадтæй къæлæтгини æма лæхъуæнмæ еу дзæвгарæ фæккастæй цидæр æнахур десгæнагæ цæститæй. Валоди æнцад лæудтæй æма æ урухтæ худ косæн дарæси, æ къохтæ сæрфта пъæстуйæй æма, адæмæй æ цæститæ римæхсгæй, гъудитæ кодта, ци ин зæгъдзæнæнцæ, уобæл.

Директор ракæсæ-бакæсæ кæнуй, æ алливарс ка лæудтæй, еци актертæмæ, æхенимæр æнгъæлæмæ кæсуй, мадта нуртæккæ еске ести исдзордзæнæй, зæгъгæ. Фал еугурæйдæр нигъгъос æнцæ, цума се 'взæгтæ ранихъуардтонцæ, раст уой хузæн. Æвеппайди, дин, дзуаппи бæсти, адвокат Патлени роли ка гъазта, еци актер æ ролæй цидæр исдзурдта. Валоди, цума раст уомæ æнгъæлмæ кастæй, уотæ ин цæсти фæнникъулдмæ дзуапп равардта. Актертæ æнцонæй исуолæфтæнцæ, сæ цæсгæнттæ фæррохс æнцæ, сæ медбилти бахудтæнцæ. Уæдæй нурмæ ци тухст уавæри адтæнцæ, е цидæр æрбацæй. Алке зæрдæмæ дæр фæццудæй аци драматикон фæлварæн.

- Репетици сценæмæ рахæссæн! – фæгъгъæр кодта цидæр нифсгунæй режиссер.

Директор æ фæндæ зæгъгæ дæр нæма кодта, уотæ еугурæйдæр дууердæмæ рацудæнцæ.

Артисттæй алке дæр æхенимæр гъуди кодта, мадта аци лæхъуæн айдагъ дзубандитæ æ зæрдæбæл дарæд æма кæми куд фæззелун гъæуй, уони ести амæлттæй зонæд, уомæй уæлдай спекталь нæ фехæлдзæнæй. Фал мæнæ сорæт æнхæстæй равдеса, дзæбæх æй иснивæ кæна, е ба æ гъудий дæр некæмæн адтæй. Æнæуой ба ма ин тагъд-тагъдæй цанæбæрæг банхус кодтайуонцæ. Артисттæ цийнæй мардæнцæ, спектакль ке нæ фехалдæй, æндæр хатмæ 'й ке нæ багъудæй раййевун æма адæмæй æнæзæрдихудтæй ке байзадæнцæ, уобæл.

Æмбæрæзæн исесунмæ берæ нæбал байзадæй. Валоди æ дарæс ку кодта, æхе ку хурста, уæдмæ зали еу уæгъдæ бунат дæр нæбал байзадæй. Тæккæ къурцдзæвæни ма рауадæй еу æнæнгъæлти гъуддаг: Валодий устур сæрбæл еу парик дæр нæ цудæй. Дæс ходемæй ибæл фулдæр рабарстонцæ, фал си еу дæр не 'сбæзтæй. Уæд Валодя рамæстгун æй, æма æ къох ракъуæрдта:

- Гъæйдæ, лопъо сæрæй ку рацæуа Бартолен, уæд ци уодзæнæй?!

Еци дзурдтæбæл ниххудтæнцæ, фал дууæ некебал загъта. Хелдасæг Валодий сæр лæгун даст ку ракодта, уæд æрбайгъустæй фиццаг дзæнгæрæг.

Гиго горæтмæ æрбафтудæй фæсæхсæвæрти. Театри рази æзмæлæг берæ нæбал адтæй, цирæгътæй ма айдагъдæр дууæ цæфстæй. Бацæуæни сæрмæ бакастæй ставд финст: «Адвокат Патлен».

- «Адвокат Патлен!» - ниддес кодта лæг æхенимæр æма си нæ баруагæс æй. Кæд мæ мæ цæститæ сайунцæ, зæгъгæ, сæ æ къохæй расæрфта æма бабæй нæуæгæй искастæй финстмæ. Нæ, нæ фæррæдудæй. Гиго къехæй райзадæй. «Бартолени ба ка гъазуй? – рафарста æхе, æ зæрди цидæр маст куд æвзуруй еци æнæзонгæ актермæ, уой лæдæргæй. – Æхецæй уæлдай æндæр ку некæбæл æууæндтæнцæ еци зин роль! Æнæуой ба æй æндæр ка рагъаздзæнæй махмæ?! – Гиго æнæнвæрсон адтæй, билæскъелтæ кодта актертæбæл. Нæ, неке, - æма уой туххæй еу æма дууæ хатти дзурд нæ цудæй театри. Фал кæсай, Хуцауи туххæй...»

Гиго машинæй рахизтæй, дуар багупп кодта æма медæмæ фæннæхстдæр æй. Дуаргæс силгоймæгтæ æй уайтæккæ нæ базудтонцæ.

- С-сс, сабур! – фездахтæнцæ имæ аллирдигæй.

Ку 'й базудтонцæ, уæдта, Гигомæ куд фæккастæй, уотемæй сæхемедæгæ цидæр æнахур худт бакодтонцæ.

Гиго æ къахифийтæбæл бараст æй медæмæ æма æрдæгталингæ партери фæстаг рæнгъи уæгъдæ бунат иссирдта. Къелай хъинцмæ имæ кадæртæ уайдзæфгæнæги каст ракодтонцæ

***цудтæ, уой де ’мбæлттæ куд нимайуонцæ, хуарзæй дæ куд фæнзонцæ!..» Æма Тазей еци арфæ ке исæцæг æй, уой абони нæхе цæститæй уинæн – абони Тæбæхсаути Балой кадгин ном ци Ирон театр хæссуй, уой коллектив æ дессаги исфæлдистадон æнтæстдзийнæдтæй идарддæр хæссуй æма гъæздугдæр кæнуй сæ театри намусгин традицитæ...***



сæ усхъити сæрти, фал сæ Гиго гъуди дæр не ’ркодта, уомæн æ каст еугурæй дæр адтæй Бартоленмæ.

Æ къæхтæ æ фæдбæл ласта, уотемæй сценæбæл зелæнтæ кодта еу цидæр нæлгоймаг. Æ цæстити хийнæ ферттевæферттевæмæ адæймаги бауæр ниддиз-диз кодта. Бакæсгæй зиндтæй, мæнæ къохæй дæсни Коненков е ’взонги бонти бæласи уедæгтæй ци гъунгун гъæддаг лæгтæ арæзта, уони хузæн. Еци дукъахуг, гъæладзæф цæрæгой сцени къумти зилдæй æма цидæр æрра гъæртæ кодта.

Гиго нуртæккæ сценæбæл ци Бартолени уидта, е æхе Бартолени хузæн мордæр нецæмæй адтæй. Æ цудтитæ, æ къохти райст, фезмæлд, е ’сдзурд, æ бахудт, е ’схуфт, – еугурæйдæр адтæнцæ, артист ке гъазта, уомæн æхе кондмæ, æхе зундирахастмæ гæсгæ. Гиго æ размæ уидта дессаги дæсни арæзт сорæт – æрдæгдзæф, гурумухъ, зудæ æма кæрæф, хеуарзон æма фудлæги. Еци зин роль уотæ дæсни рагъазун, сорæт уотæ зæрдæмæдзæугæ, уотæ æнахур дзæбæх исаразун æ бон адтæй, æнæмæнгæ, айдагъдæр устур искурдиадæгин актерæн.

Гиго æ цæстæ Бартоленæй нæ иста, гъæуай ин кодта æ алли фæззилд, æ алли стуф дæр. Æнæзонгæ артист сорæт хуæздæр иснивæ кæнуни туххæй цидæриддæр нæуæг хуарæн, нæуæг фезмæлд, гъæлæси рахасти нæуæг фæззелæн ирдта, уонæй си еу дæр нæ райервазтæй. Еци хецæн дзæбæх аййевадон амæлттæ уотæ берæ кодтонцæ, æма Гиго фæстагмæ хицæ кæнун райдæдта артистмæ. Еуæйеу хатт имæ уотæ фæккæсидæ, цума еу кенæ иннæ дзурд куд гъудæй, уæхæн гъæлæси уагæй не ’скодта, еу кенæ иннæ рауæн уотæ нæ фæззилдæй, гъазт æгæр фæццæхгун кодта. Уæдта бабæй æхецæн басастæй, фурхицæй имæ уотæ ке фæккастæй, уобæл. Артист сценæбæл æхе дардта хъæбæр дзæбæх, раст цума айдæнæмæ кастæй æма æхе æнæгъæуаги уæлдай фæззилдтитæй гъæуай кодта, уотæ. Уотæ нифсгун, хебæл æууæндгæ гъазт фæккæнунцæ, сценæбæл хуарз ка исахур уй, ка исфæлтæрдгин уй, еци артисттæ.

Гиго игъуста актермæ, æма имæ æ гъæлæс цидæр æнахур зонгæ кастæй. Æ меднимæр сагъæс кодта, мадта ка уа, кæми фегъуста еци гъæлæс, зæгъгæ, фал уæддæр æ бон нæ адтæй е ’ргъуди кæнун. Бартолени роли гъазæг сæ театри актертæй ке неке æй, е ин секкаг æгиридæр нæ адтæй. Фал уæддæр ка ’й, ци Хуцау æй æрбахаста ардæмæ, уæдта кæцæй?.. Уой дæр тæккæ къурцдзæвæни, тæккæ фæстагдæр сахæтти!..

Уогæ уой базонунæн цанæбæрæг гъудæй - исистæ, сцени фæскъуилдуммæ бацо æма бафæрсæ. Фал Гиго, цума, æхецæн фудæнæн кодта, уотæ ниффæрскъæ ’й: «Бафæрсинæ, фал ке?.. Цалинмæ ’й мæхуæдæг базонон, уæдмæ ’й нæ ниууадздзæнæн!..»

Актер цума царди ба ци хузæн æй, уобæл гъудитæ кæнгæй, Гиго нур Бартоленмæ кæсун райдæдта æндæр цæстæй. Æ меднимæр архайдта, æнæ гримæй æ цæсгони æвæрд циуавæр гъæуама уа, уой фæууинун æма балæдæрунбæл. Æ цæститæ рахгæдта æма ин игъуста айдагъдæр æ дзорунмæ, уотемæй ин кæд


Кинонивæ «Фатимæ».
ТÆБÆХСАУТИ Бало (зæронд къниаз) æма Тамарæ КОКОВА (Фатимæ)

æргъуди кæнидæ æ бакаст, æ конд, æ цæсгони æвæрд, зæгъгæ. Фал неци!.. Æ сæр нæ ахæста, æ цæститæбæл нæ рагъазта еци æнæзонгæ актер. Уæлдайдæр ба уомæ гæсгæ, æма сценæбæл ци Бартолен архайдта, е æнæгъæнæйдæр нийиауон кодта, æ фæсте бакодта, æ сорæт ин ка исфæлдиста, еци лæги, раст цума æцæг Бартолен кæцæйдæр ирон сценæмæ æрбахъæрдтæй æма æхуæдæг цардæгасæй æрлæудтæй зали бадæг адæми размæ, уотæ!..

Гигойæн æ бон нæбал адтæй еци гъудитæй, исистадæй æма æндæмæ рараст æй. Дуаргæс силгоймæгтæ тæккæ рацæуæни ислæудтæнцæ æма десгæнгæй кастæнцæ сценæмæ. Гиго сæ рази ку æрлæудтæй, уæд ин хъур-хъургæнгæй æнæбари над æндæмæ равардтонцæ. Еци хъур-хъурмæ ба лæгæн æ зæрдæ нирристæй, мæтъæл гъудитæй райдзаг æй æ сæр.

Æхе нæбал бауорæдта æма рафарста силгоймæгти:

- Бартолени ба ка гъазуй?

Мадæ хъаз æ бæдæлтти гъæуайгæнгæй куд иссуф-суф кæнуй, уотæ бабæй ибæл, сс-с-с.., зæгъгæ, исбоститæ кодтонцæ уоститæ.

Æнæзгулийæй, æнæзингæй еугай-дугайæй цудæнцæ дуари размæ кустæй уæгъдæ актертæ æма кæрæдзей сæрти кастæнцæ сценæмæ. Еугурæйдæр уотæ ниссабур æнцæ, æма сæ уолæфт дæр нæбал игъустæй. Алке дæр си лæдæрдтæй, сæ цæстити рази ке игуруй аййевадон æцæг уадзимис, ке уинунцæ, ахид ке нæ фæууиндзæнæ, уæхæн æнахур гъуддаг.

Æма нуртæккæ актертæ дæр сæ цæстæ уомæн æрæвардтонцæ Бартоленбæл. Дессаг куд нæ адтæй, еци роли гъазæг артист нæуæгдзийнадæй, æхе менеугутæй цæйбæрцæ хаста фæлгонц иснивæ кæнуни гъуддагмæ, уомæ кæсун! Ка нæ бахицæ кодтайдæ, хъайтарæн æ менеугутæ, æ зæрди конд æма уагæ æнхæстдæрæй равдесуни туххæй еци æнæзонгæ актер алли хуæрз минкъий гæнæнтæй дæр куд дæсни пайда кодта, уомæ!

Зали сибиртт дæр не ’гъустæй. Адæм æнæ неци дзоргæй бадтæнцæ, цума син еци актер хинттæ искодта, уой хузæн.

Рагæй нæбал цудæй аци сипектакль уотæ æнтæстгинæй, рагæй некæдбал неке бон бацæй актертæй адæми æхемæ уотæ æркæсун кæнун.

Гигойæн æ сæрæй нæ цох кодта еци-еу гъуди: ка гъазуй мадта Бартолени роль? Æ бон ку нæ иссæй æнæзонгæ актери æргъуди кæнун, уæд исфæндæ кодта фæссценæмæ бацæун æма уоми еске бафæрсун. Фойей цалдæр ампъези ракодта, уотæ фæрсæрдигæй дуар фегон æй æма си рахизтæй æ зонгæ актер уруссаг драмон театрæй. Гигой ку рауидта, уæд æ цæститæ ферттивтонцæ æма имæ æрбауадæй:

- Фæууидтай Валодий?

- Циуавæр Валодий? – нæ ’й балæдæрдтæй Гиго.

- Куд циуавæр? Нæхе Балой. Рохсдари!

- Неци дин лæдæрун, мæ мард фæууинæ... Ке кой кæнис? – Гиго æ къохтæ фæйнердæмæ ракодта гъудитæгæнгæ.

- Мæнæ дессаг... Сценæрохсгæнæги Валодий нæ зонис?

- Е ба куд?! – фæгъгъæр ласта Гиго...

- Гъе уотæ, мæ хори минкъий! – рафæнзта æй актер æма залмæ фендæй.

Æхенимæр гъудитæгæнгæй Гиго сабургай рараст æй, рахесæрдигæй ци æнгъæлмæкæсæн уат адтæй, уордæмæ.

Уат адтæй ревæд æма æрдæгталингæ. Кæсæн залмæ бацæуæн дуæрттæ – æнгом æхгæд. Устур къæрæзгитæй бæлæсти къалеути æма æмбæрзæнти æхсæнти гъæунгæй медæмæ калдæй электрон цирæгъти рохс.

Гиго цалдæр зилди æркодта фойей къумти. Æ зæрдæ ин тухсун кодтонцæ циуавæрдæр мæтъæл, унгæг гъудитæ. Уотæ имæ кастæй, цума ’й еске æфхуæргæ бакодта. Зæрдæ куддæр æхемæдæгæ исристæй... Кæцæй имæ æрцудæй еци гъуди, цæмæ хицæ кæнуй нæуæг адæймагмæ? Гæрр, уæхæн æдзæстуарзон æй? Уæхæнæй æхе ку некæд зудта?..

Гиго æхе хæццæ хилæ кодта, æхе æлгъиста, фал уæддæр зæрди медæгæ кæмидæр арф рауæн тæлфтæй нецæййаг гъуди: лæг лæдæрдтæй зин ин ке ’й цийфæндийæй дæр аци æригон лæхъуæни æнтæстдзийнадæ. Хъæбæрдæр ба имæ уомæн мæстгун кодта æма биццеуи ном нуриуæнгæ некæцæй игъустæй. Сцени рохсдар æма рохсдар... Нур ба имæ бакæсæ, дæ хуарзæнхæй!.. Æнæуой æхе куд урæдта нури уæнгæ, куд хебæлхуæцгæ разиндтæй?!.

Залæй райгъустæй къохæрдзæф. Гиго дузæрдуг нæ кодта, адæм Валодий дæсни гъазтбæл ке цийнæ кæнунцæ, уобæл. Арæхсгай æхе байста дуари размæ æма зихъирæй медæмæ бакастæй. Гъай-гъай, уомæн, Бартолени роль гъазæгæн, æрдзæф кæнунцæ еугурæйдæр. Цума тæрсгæ фæккодта, еске ’й ку фæууина уомæй, уоййау еуварс рагæпп ласта дуари разæй Гиго æма бабæй фойей къумти зелун райдæдта.

Гигой зæрдæбæл æрбалæудтæнцæ еуæй-еу хатт ин Валодий хæццæ ци цубур дзубандитæ рауайидæ, етæ. Фулдæр хæттити дзурдтонцæ цæугæ-цæугæй, тагъд-тагъдæй. Биццеу æнæнгъæлти ести æнахур дзурд искодтайдæ, мæнæ уотæ хуæздæр нæ уайдæ, кенæ мæнæ атæ, зæгъгæ. Естæмæй рафарстайдæ, уой дæр гъавгæй, цидæр æфсæрмхузæй. Гиго æвеппайди æхецæй нифсæрми æй, фæсмон имæ æрцудæй, биццеуи гъудидæр ке нæ кодта, сæрæй бунмæ имæ ке кастæй, уой туххæй. Валоди æнæгъæуаги некæд дзурдта, æнæ рагъудигæнгæй си еу дзурддæр некæд исхаудтæй. Аййевади туххæй еске ку дзоридæ, уæд имæ игъосунæй не ’фсастæй. Æхуæдæг дæр æхцæуæнæй бацæуидæ дзубандий æма уæд бæрæг адтæй, аййевадæ хъæбæр хуарз ке зонуй, е.

Гъуди ма кæнуй Гиго, еу хатт ин еу архайдæй иннæ архайди æхсæн уæгъдæ рæстæги Валоди арæхсгай куд загъта, уой:

- Аци ниви дæ Бартолен уой размæ нивæй сæрæндæр адтæй...

- Ци? – æ цæститæ низзелгæй имæ, æ усхъи сæрти ракастæй е.

Валоди фæкъкъæндзæстуг æй, фиццаг æ дзурд æ хъури фæббадтæй, фал уæдта фæннифсгун дæр æй æма æ дзубанди фæцæй:

- Æз зæгъун... Цума аци ниви Бартолен æндæрхузи гъæуама адтайдæ... Уæдта...

Гиго æй нæбал бауагъта дзорун:

- Уæлæ дæмæ сæрæй дзорунцæ... Цирæгътæ, дан, раййевун гъæуй...

Валоди къæндзæстугæй лæугæй куд райзадæй, уой ма рауидта Гиго æма актертæй кедæр размæ бацудæй, гъазæн дзурдтæ кæнгæй...

Уæдæй фæстæмæ Валоди е ’мгæрон дæр некæдбал æрлæудтæй. Гигойæн е æхцæуæн адтæй. Æхенимæр гъуди кодта: «Гъе уотæ хуæздæр уодзæнæй, гъе, мæ хъазар, уомæй уæлдай, ду дæр, еу хаттæй иннæ хатмæ дæхе сæр дæр ресун кодтай, æз дæр ди нæбал фæразтон... Уогæ ба цæйбæрцæ ахургæнгутæ фæууй лæгæн!..» Уой фæсте си лæхъуæн бустæгидæр феронх æй.

Æма мæнæ нур, табуафси, æхуæдæг ин æхе æрлæуун кодта æ зæрдæбæл. Уæдта кутемæй? Æрсабур æй кодта, раст сабийи куд æрсабур кæнунцæ, уотæ. Еунæг изæрмæ. Гъе уотæ дæ гъæуй, гъе! Дæхецæй лæгдæр неке æнгъæл адтæ.

Гигой зæрдæбæл æрбалæудтæй, аци æрæдойнаг биццеуи хæццæ фиццаг хатт куд базонгæ ’й, е. Æхе хузæн е дæр хъæбæр берæ уарзта театр. Фæллимæн æнцæ. Бæрзонддæр рауæн кæми æй, тæккæ тугури бунмæ, уоми еу къуммæ бабурдæнцæ æма сæ фур тæвдæй сæ хед калдæй, уотемæй цуппар цæстемæй кастæнцæ сценæмæ.

Сæ дууæ дæр бæлдтæнцæ артисттæ исунмæ. Гиго ма цалдæр хатти рагъазта хехъæппæресадон драмон къуари спектаклъти дæр. Мадта Валоди дæр æвзурста æ хъауритæ, фал ин уæддæр æ барæ кодтонцæ айдагъдæр цидæр фæрсаг рольтæ.

***(Уодзæнæй ма)***

***Кæсæг-Балхъари æма Иристони исфæлдистадон дзиллити æхсæн рагæйдæр ес федар æма зæрдæхцæуæн рахастдзийнæдтæ. Зæгъæн, æнсувæрти цард кодтонцæ Джусойти Нафи æма Кулиев Хъайсæн. «Æз Хъайсæнмæ дардтон хестæр æнсувæри зæрдæ...» Зæгъун гъæуй уой дæр, æма, Нафи Хъайсæни æмдзæвгитæй ирон æвзагмæ ке ратæлмац кодта, уони 2002 анзи рауагъта хецæн киунугæй...***



Цæгат Кавкази адæмтæ алкæддæр арæхстæнцæ сæ кæрæдзей æхсæн рахастдзийнæдтæ зæрдхæларæй арæзунмæ.

# РÆСТУОД ХÆЛАРДЗИЙНАДÆ ÆНОСТÆМÆ ЦÆРУЙ!..

Фиццаг ирон минæваради дзубанди Уæрæсей хецауади хæццæ хуарз æвдесæн æй кæсгон-ирон рахастдзийнæдтæн. 1751 анзи 29 октябри статс-секретарь æма фæсарæйнаг гъуддæгути Коллегий унаффæгæнæг В. Бакунин æма ирон минæвæртти фембæлди рæстæг фарста æрæвардтонцæ Иристони æндагон политикон уавæри туххæй. Загъд си адтæй: «... етæ кæсгон æлдæртти хæццæ, уæлдайдæр ба Адильгирей Гиляхстанови хæццæ æнцæ хæлар æма уарзон синхæгтæ. Фудголтæ ку нимпурсунцæ Кæсæги зæнхитæмæ, уæд сæ сувæллæнтти хуæздæр багъæуай кæнуни туххæй æрбарветунцæ Иристонмæ. Æма уой туххæй ирæнттæн кæсгæнттæй тæссаг нæй. Сæ еумæйаг нихмæлæуuæг ка æй, уобæл дзубанди ку рацудæй, уæдта минæвæрттæ байамудтонцæ хъиримаг хантæмæ».

**ХÆЛАРÆЙ КА ЦÆРА, АМОНД ДÆР Е ИССЕРДЗÆНÆЙ!..**

Дзубандий рæстæг минæвайрадæ байархайдта ирæнтти будурмæ раледзун кæнуни фарста ралух кæнунбæл дæр. Æма уой туххæй æрвист лæгтæ курдтонцæ Уæрæсей хецауадæй, цæмæй син фенхус кæна Фиййагдони æма Æрæдони дони фæйнæфарс зæнхитæ раттун «кæсгæнттæ Али Мурзинтæ æма Анзорти гъæутæй 10-15 версти уæлдæр». Уæди рæстæги Уæрæсе æма Турки рахастдзийнæдтæ вазуггин ке адтæнцæ, уой туххæй паддзахи хецауадæ ирæнтти курдиадæ нæ исæнхæст кодта будурмæ сæ раледзун кæнуни туххæй. Айдагъдæр син льготитæ лæвæрд æрцудæй Хъизлар æма Астрахани хæццæ базаради гъуддаги. Бæлвурддæр ку зæгъæн, уæд уæгъдæгонд æрцудæнцæ базаради пошлинитæ федунæй, æма син уæхæн гæгъæдитæ лæвæрд цудæнцæ Хъизлари.

Канцлер А. Бестужев-Рюмин куд нимадта, уотемæй уруссаг-ирон рахастдзийнæдтæ райрæзун кæнунæн ахсгиаг уодзæнæй кæсгон æлдæртти цæстингас ирæнттæмæ. 1752 анзи 29 январи феврали финстæг рарвиста Адильгирей Гиляхстановмæ æма си курдта: «... уоми ирæнттæн уæ зæнхитæбæл цæруни барæ ес Хъизлари базармæ цæунмæ, кенæ æндæр гъуддæгути фæдбæл. Æма уи уой корæг дæн, цæмæй хæларæй цæрайтæ еумæ. Архимандрит Пахомий ба ирæнттæн зæнхæ раттуни фарста гъæуама фæдзахстайдæ черкесаг æлдар инæлар Елимирзабæл.

Ирæнттæ ку базудтонцæ, æма син зæнхæ Уæрæсей хецауадæ нæ ратдзæнæй будури, уæд еуæй-еуетæ сæ цард сæхуæдтæ аразун райдæдтонцæ. Аци гъуддаги ба, фиццагидæр, фæппайда кодтонцæ сæ зонгæ кæсгон æлдæртти æнхусæй. Хуæнхбæстæй гъæугай ледзун райдæдтонцæ будурмæ. Архимандрит Пахомий игъосун кодта, зæгъгæ, раздæр кæсгон æлдар Кисиновмæ, Кашкатови ка цардæй, уæхæн дигорон биццеу фæстæдæр æрцардæй «Дурдурий» ка хуннуй, еци цæугæдон кæми æй, уоми.

Уруссаг-ирон рахастдзийнæдтæ XVIII æноси 50-60 æнзти уруссаг-ирон цихузæн уавæри адтæнцæ, уомæн Блити Макс ци хатдзæг искодта, уотемæй еугур бастдзийнæдтæ дæр федар кодтонцæ, куд экономикон, уотæ политикон бундорбæл дæр. Ирæнттæн тагъд рæстæги зæнхæ лæвæрд ке æрцæудзæнæй будуйрон рауæнти, е син устур нифс адтæй æма зæрдиагæй æнгъæлмæ кастæнцæ еци амондгун рæстæгмæ

Фал уæддæр юридикон æгъдауæй Иристони æндагон æдасдзийнади фарста лухгонд нæма æрцудæй. Æма уой туххæй Уæрæсей хецауадæ Иристон гъæуай кæнун кæсгон æлдæрттæн ке бабарæ кодта, уомæн уæди рæстæги устур ахедундзийнадæ адтæй.

Сахар Мæздæгæн 1763 анзи бундор æвæрд ке æрцудæй, уой фæрци аци региони бæлвурд фæффедардæр æнцæ Уæрæсей тугъдон-политикон арæнтæ. Уруссаг тæвагæ хъæртун райдæдта айдагъ Цæгат Кавказмæ нæ, фал ма бастдзийнæдтæ фæззиндтæй Гурдзий хæццæ дæр. Документтæ куд дзорунцæ, уотемæй минкъий кæсгон æлдар Асланбек Тасолтановæн Уæрæсей хецауадæ алли мæйæ дæр мизд фиста, Гурдзимæ надбæл цæрæг ирæнтти хæццæ бастдзийнæдтæ ке исаразта, уой туххæй.

**ЛÆГ БÆРÆГГÆНÆН – ÆРДХУАРДÆН ÆРДХУАРД УН!..**

Кæсгæнттæ XVIII æноси 60-70 æнзти агъазиау агъаз бакодтонцæ, Уæрæсей хецауадæ Иристонмæ ци геологон экспедицитæ исаразта, уонæн дæр. Фæсарæйнаг гъуддæгути Коллеги устур зиндзийнæдтæ æвзурста, уæди рæстæги вазуггин политикон цаути азарæй хузгин згъæртæ агоруни куст лæгъуз ке цудæй хуæнхбæсти, уой туххæй. Астрахани губернатор Н. Бекетовмæ 1767 æнзи декабри ци финстæг æрвист æрцудæй, уоми загъд ес, зæгъгæ, Иристони хуæнхон кустуæттæ ку фæззинна, уæд гæнæн ес, æмæ арæзт æрцæудзæнæнцæ æндæр рауæнти дæр, еугур гъуддæгутæ ба, дан, кæсгон адæми барæ бакæнун гъæуй, аци рауæн син кадæ ке ес, уой туххæй.

Фиццаг геологон экспедиций иуонгтæй еу адтæй ротмистр А. Киреев, æма 1768 анзи 21 июни финста, Иристонмæ ци балци исаразта, уой фæдбæл: «... раздæр Минкъий Кæсæги бацудан æлдар Рословбек Таусултановмæ, фал бунати нæ разиндтæй, æма мах дæр уæд æрфусун кодтан æндæр бонгин лæг Бæтæхъо Таусултановмæ. Хуарз нæ исиуазæг кодта, фæстæдæр ба нæ бахъæртун кодта ирон гъæумæ. Ардигæй мах рабалци кодтан Курттати коммæ. Бæтæхъо ба уоми байзадæй.

Иннæ экспедици Иристонмæ арæзт æрцудæй 1771 анзи. Разамунд ин лæвардта ротмистр А. Батырев æма хуæнхон мастер А. Кирхнер. Экспедиций хæццæ адтæнцæ кæсгæнттæ Давлатухъо æма Бæтæхъо Анзоровтæ, Мисост Дыкинов. Батырев 1771 анзи 2 декабри хецауадæмæ куд игъосун кодта, уотемæй, кæд экспедиций къохи хуарзæй ести бафтудæй, уæд айдагъдæр кæсгæнтти фæрци. Етæ еудадзуг архайдтонцæ уруссаг-ирон бастдзийнæдтæ аразунбæл æма сæ федар кæнунбæл. Гъуддаг уотæ рауадæй, æма аци экспедиций иуонгти æрахæста Курттати коми цæрæг, номдзуд ирон æлдар Есиати Бахтыгирей, 1769 анзи фæззæги хъазахъæгти тугъдон команди нихмæ тохи е ’нсувæр ке фæммард æй, уой туххæй.

Аци тæссаг уавæр экспедиций куст бакъулумпи кодтайдæ. Фал Бæтæхъо Анзоров æвæстеуатæй дзубанди кæнун райдæдта Есиати Бахтыгирейи хæццæ. Раздæр ци документти кой искодтан, уоми куд финст ес, уотемæй Анзоров Есиай-фурти исарази кодта, цæмæй экспедиций ма багъигæ дара. Еци хабарæн, дан, Уæрæсей хецауадæ неци зонунцæ, уæдта, дан, зиан æрцудæй æнæнгъæлти, æма нур уруссæгти ку нæ рауадзай, уæд дæхуæдæг исонибони уæлдæр хецауадæй æвудæй нæ райервæздзæнæ. Еудзурдæй, кæсгон хæлар Б. Анзорови æнхусæй экспедици идарддæр æ куст кодта.

Ами нæ идарддæр зæгъун фæндуй уой, æма уруссаг-турккаг тугъд (1768-1774 æнзти) æнтæстгинæй рахецæн æй Уæрæсей пайдайæн. Кючук-Кайнарджийскаг бадзурд арæзт æрцудæй, æма нур Иристон Уæрæсей хæццæ байеу кæнуни туххæй еугур цæлхдортæ дæр рагæлдзун багъудæй. Ирæнттæн кæсгæнтти хæццæ федар бастдзийнæдтæ ке адтæй, уой туххæй уруссаг хецауадæ лухгондбæл нимадта Иристон Уæрæсей хæццæ байеу кæнуни ахсгиаг фарста.

Уæрæсей фæсарæйнаг гъуддæгути коллегий сæргълæууæг Н. Панин къниаз Г. Потемкинмæ игъосун кодта, зæгъгæ, ирæнттæн кæсгон адæми управлений хецау астрахайнаг губернатори хæццæ ес æнæскъунгæ бастдзийнæдтæ, æма дан, кæд еу адæми хæццæ гъуддæгутæ аразæн, уæд иннемæ дæр хæстæгдæр æрбалæуун гъæуй. Уотæ 1774 анзи Цæгат Иристони фулдæр хай бацудæй Уæрæсей искондмæ. Аци цауæн ба устур ахедундзийнадæ адтæй ирон адæми политикон, экономикон æма культурон царди.

Хуæнхон синхаг адæмти хæццæ хæлар рахастдзийнæдтæ ке фæззиндтæнцæ, уой фæрци арæзт æрцудæй фæллойнæгæнæг дзиллити цæдес. Кæсгон, балхъайраг æма ирон зæнхкосгутæ еумæ ралæудтæнцæ се ’фхуæрæг бонгинти нихмæ. Аци гъуддагæн хуарз æвдесæн æй дигорон зæнхкосгути исистад 1781 анзи. Уæд дигорæнтти хæццæ байеу æнцæ «черкестæ» æма балхъайрæгтæ, уæлдайдæр абрек Бекбайи къуар. Уæди цаути архайдта Л. Штедер æма инæлар Фабрицианмæ игъосун кодта, зæгъгæ, Бекба ард бахуардта дигорæнтти хæццæ, байеу æй æхсæнади иуонгти хæццæ, домуй паддзахæн формалон æгъдауæй лæггадæ кæнун, раздæр ба, дан, устурзæрдиагæй службæ кодта Уæрæсей пайдайæн.

Еу æма дууæ хатти синхаг хуæнхаг адæмтæ нæ ралæудтæнцæ æндагон тухæгæнгути нихмæ. 1770 анзи кæсгæнттæ æма ирæнттæй арæзт æрцудæй «Хуæнхон командæ», æма си адтæй 206 адæймаги. Е бацудæй Мæздæги тугъдон гарнизони искондмæ. Уруссаг-турккаг тугъди архайдта фæстæдæр, æма дууæ адæмей хъæболтæ дæр сæхе равдистонцæ бæгъатæрæй.

Кæсгæнттæ æма ирæнттæ 1774 анзи 3 июни уруссаг æфсæдти хæццæ еумæ Мæздæги бунмæ архайдтонцæ хъиримаг-турккаг æфсæдти нихмæ карз тугъдтити. Г. Потемкини указмæ гæсгæ 80-аг æнзти размæмпурсæг командæ арæзт æрцудæй кæсгæнттæй, ирæнттæ æма мæхъæлæнттæй. Кæсгон инæлар-майор Горичи разамундæй 1784-1791 æнзти архайдтонцæ уруссаг-турккаг тугъди, фæстæдæр ба сæхе бæгъатæрæй равдистонцæ шведти нихмæ. Еугуремæй хъæбæрдæр ка фескъуæлхтæй, еци хуæнхæгтæ иронхуати нæ байзадæнцæ. Хъубадти Кирманæн лæвæрд æрцудæй майори цин, Туйгъанти Айтег æма Хъайтухъ Байгириев ба иссæнцæ капитантæ.

**ÆЦÆГ ÆРДХУÆРДТÆ ÆНÆБАСÆТГÆ ÆФСАД ÆНЦÆ!..**

Раст ку зæгъæн, уæд, Иристон Уæрæсей хæццæ ке байеу æй, уомæн тæккæ агъазиаудæр фæстеугутæй еу адтæй, нæхе æрдигонау финсуйнадæ нæмæ ке фæззиндтæй, е. Нæ адæмæн фæззиндтæй равгитæ уæдиккон царди талингæдзийнæдтæй фæййервæзунæн, рохсдзийнади нæдтæбæл ирисхъи хуæздæр исонибонмæ ранæхстæр унæн. Зонгæ кæнун райдæдтонцæ уруссаг ахурадæ æма культури хæццæ. Еци гъуддаги ахсгиаг агъаз фæцæй Ири дини къамиси архайд. Мадзæлттæ арæзт цудæнцæ айдагъ уруссаг æвзаг æма культурæ нæмæ æрбахæстæг кæнунæн нæ, фал ма цæмæй кæсгæнтти уодварни хæзнатæ дæр нæ адæмæн бæлвурдæй зундгонд адтайуонцæ. Æма уой фæрци дæр синхæгти хæлар рахастдзийнæдтæ ирæзтæнцæ.

Æма цæмæй идаддæр дæр нæ еци рахастдзийнæдтæ æнгомдæр æма федауцæдæр кæнонцæ, уой туххæй Нуртæккæ ци уавæри æнцæ, нæ дзиллæ, уæлдайдæр ба нæ ирæзгæ фæлтæртæ хуарз æма æнхæстæй зононцæ нæ адæми рагон цардарæзти æгъдæуттæ æма фæткитæ, нæ фиддæлти уодиконд æма зундирахаст. Уой ба ма ахур кæнун гъæуй кæсгæнтти, балхъайрæгти, нæ фарсмæ цæрæг æндæр адæмти истори.

**Николай Гоголь 1835 анзи 7 октябри Александр Пушкинмæ ниффинста, цæмæй æй ести хабарæй фæррраст кæна нæуæг уадзимис ниффинсунмæ. Е ин радзурдта ходæги æмбесонд – æма фæззиндтæй Гоголи æнæмæлгæ «Ревизор».**

***На утро 5 октября 2020 года в Республике Северная Осетия-Алания зарегистрировано 6030 (+35 за сутки) случаев заражения новой коронавирусной инфекцией. 819 человек находятся на амбулаторном лечении. 11 человек проходят лечение в медучреждениях республики. 5130 человек выздоровели. 70 человек скончались.***



# Расслабляться нельзя

## Владимир Путин призвал россиян проявить ответственность за себя и своих близких

***Президент Российской Федерации Владимир Путин призвал россиян соблюдать рекомендации врачей и специалистов по борьбе с распространением коронавирусной инфекции. Это необходимо, чтобы России не пришлось возвращаться к режиму жестких ограничений.***



- Борьба с эпидемией еще далеко не закончена. Она продолжается. Расслабляться, терять бдительность ни в коем случае нельзя, - заявил глава государства на расширенном заседании президиума Госсовета РФ.

Владимир Путин обратился к гражданам с просьбой помнить о сохраняющихся рисках и проявлять максимальную ответственность за себя и за тех, кто рядом. "Прошу вас соблюдать все рекомендации врачей и специалистов. Это нужно для безопасности, для защиты вашего здоровья", - отметил он.

Сегодня об этой болезни известно гораздо больше, чем несколько месяцев назад, добавил президент. "Но сейчас именно от каждого зависит результат наших общих усилий по борьбе с распространением инфекции, чтобы не пришлось вновь, как весной, прибегать к весьма чувствительной для экономики и обременительной для людей масштабной практике ограничений", - подчеркнул Путин.

Тема обсуждалась и на совещании президента с членами правительства. С 21 сентября число регистрируемых случаев заболевания новой коронавирусной инфекцией в России увеличилось до 8232, суточный прирост заболеваемости вырос в 1,7 раза, сообщила вице-премьер Татьяна Голикова. При этом она подчеркнула: 80-85 процентов инфицированных говорят, что не соблюдали масочный режим и посещали массовые мероприятия. Таким образом, если россияне не хотят возврата к ограничениям, нужно соблюдать все необходимые меры безопасности, вслед за президентом призвала вице-премьер.

- Конечно, маски, социальная дистанция, тем более изоляция, определенные и известные ограничения по местам учебы, работы, безусловно, это все людям надоело, и я их прекрасно понимаю, - заметил Владимир Путин. - Но, как ни странно, до сих пор люди не всегда чувствуют, понимают, а поэтому и не всегда верят в то, что весь мир столкнулся, и мы в России тоже, с очень опасным противником.

Президент подчеркнул: инфекционные заболевания вообще и коронавирус в частности - это тихий, незаметный и очень опасный противник. И поэтому надо очень аккуратно и тактично, но терпеливо и настойчиво объяснять людям реалии ситуации с COVID-19. Президент призвал применять необременительные, но абсолютно необходимые меры защиты. Компетенции при решении вопросов по-прежнему остаются на региональном уровне, напомнил Путин. Конечно, такие решения должны приниматься при сопровождении со стороны федерального центра - как методическом, так и административном.

- Мы так и будем действовать, - заявил он.

Кроме того, Владимир Путин обратил внимание, что большее число пациентов с коронавирусом, как и прежде, в Москве. Однако во всей стране, во всех ее регионах, как подчеркнул президент, должны быть готовы к любому варианту развития ситуации.

Глава государства также поручил организовать информационную кампанию для разъяснения гражданам разницы между разработанными в России вакцинами от COVID-19. "Объяснять, кому что показано, какие вакцины для какой возрастной группы, какие для людей с какими-то сопутствующими проблемами со здоровьем и так далее", - заметил Путин. "Надо обязательно это сделать, конечно, после регистрации", - добавил он. Напомним, в августе наша страна первой в мире зарегистрировала вакцину от коронавируса, которая получила название "Спутник V".

**ПРЯМАЯ РЕЧЬ**

**Татьяна ГОЛИКОВА, *вице-премьер:***



*– Сегодня, по данным опросов, которые мы проводим, 80-85 процентов заболевших говорят о том, что причиной заболевания являются несоблюдение ими масочного режима и участие в массовых мероприятиях.*

В ходе совещания глава минздрава Михаил Мурашко рассказал о разработке и регистрации других отечественных препаратов.

Кроме того, Татьяна Голикова предложила новый расчет выплат медикам, работающим с пациентами с коронавирусом, - по количеству отработанных часов. По ее словам, профессиональное сообщество считает это социально справедливым. "Мы предлагаем вместе с коллегами такой подход распространить до 1 января 2021 года, имея в виду, что дальнейшее решение по выплатам будет предложено исходя из будущей эпидситуации", - сказала вице-премьер.

"Если действительно люди считают, что предлагаемый правительством вариант является даже более социально справедливым, - пожалуйста, я ничего против не имею", - заявил глава государства. При этом он предложил продлить на октябрь действующий механизм, поскольку и регионам, и федеральному центру нужно время на подготовку. "Предлагаю действующий порядок на ближайший месяц - на октябрь - сохранить без всяких изменений. А затем выстроить работу так, как вы и согласовали это с представителями профессионального сообщества", - сказал Путин. Президент попросил минфин обеспечить необходимое финансирование.

***Ксения ВОРОНЦОВА, Татьяна ЗАМАХИНА («Российская газета» №220 от 30 сентября)***

# Укол с иммунитетом

## Вакцинация от гриппа продлится до начала ноября

Объемы вакцинации от гриппа в этом году могут охватить 60% населения, сообщил министр здравоохранения Михаил Мурашко. Он подчеркнул, что это беспрецедентная цифра. В прошлом году прививку сделали 45% россиян.

Министр отметил, что сегодня люди активно обращаются за ней в поликлиники, а в регионы направлена уже вторая партия противогриппозной вакцины. На проведение прививочной кампании правительство дополнительно выделило 4 млрд рублей. Она продлится до начала ноября, а началась на месяц раньше, чем в прошлые годы: сделать прививку россияне могут уже с 1 сентября. А все потому, что в этом году сезонный грипп будет циркулировать на фоне пандемии коронавируса.

К тому же ожидаются сразу четыре вида опасного гриппа, три из которых новые и ранее не встречались. По этой же причине прививку рекомендуется делать четырехвалентной вакциной. Ее состав согласован со Всемирной организацией здравоохранения, НИИ гриппа им. Смородинцева и Роспотребнадзоро

Препарат не продается в аптеках: привиться можно бесплатно в поликлиниках, мобильных прививочных пунктах, некоторые работодатели проводят вакцинацию своих сотрудников прямо на работе. В Роспотребнадзоре считают, что вакцинация против гриппа поможет избежать осложнений в случае заражения коронавирусом. "Две эпидемии могут наложиться друг на друга. Сочетанная инфекция всегда протекает тяжелее и повышает риски неблагоприятного исхода для больного. Тогда зачем играть в русскую рулетку, если можно предупредить самый неприятный сценарий", - считает замдиректора по научной работе ЦНИИ эпидемиологии Роспотребнадзора Александр Горелов.

Он напомнил, что любой сезонный грипп чреват опасными осложнениями вплоть до летального исхода. Умирают от него около 0,1% заболевших. Вакцинация - главная мера профилактики в опасный эпидемиологический сезон. Антитела после прививки вырабатываются в течение 10-15 дней.




По данным минпромторга, сегодня практически все противогриппозные вакцины - отечественного производства. В России их выпускают на 4 площадках: самый крупный производитель "Форт", которому принадлежит 49,3% всего стоимостного объема, ФГУП СПбНИИВС ФМБА России (24%), "НПО "Микроген" (17%) "НПО Петровакс Фарм" (9,7%).

Все вакцины проходят жесткий двухэтапный контроль: их проверяют сначала на производстве, затем - перед выпуском в гражданский оборот: испытывается каждая серия препарата. К тому же каждая упаковка маркируется и регистрируется в системе движения лекарственных препаратов, что в случае возникновения какой-то нештатной ситуации позволит отследить ее, изъять партию с рынка, найти и наказать виновных.

***Елена МАНУКИЯН «Российская газета» - Федеральный выпуск № 217(8271)***

**Более 350 женщин приняло участие в первом республиканском слете солдатских матерей, который состоялся в столице Северной Осетии 10 октября 1975 года. На этом слете было принято обращение к воинам СКВО с призывом бдительно охранять мирный созидательный труд на родной земле.**

***Цæгат Иристони автомобилон нæдтæбæл ци видео цæстдарди ситемитæ ес, уони бæрцæ 2024 анзи кæронмæ дууæ хатти фæффулдæр уодзæнæй. Уой фæрци лæмбунæгдæрæй æргомгонд цæудзæнæнцæ нæдтæбæл æзмæлди фæткити ихæлди цаутæ.***



Ансельм Фейербахи конд хузæ «Медея». 1870 анз.

# СИЛГОЙМАГ Æ МАСТИ ФÆДБÆЛ КУ РАЦÆУА...

***Уæд цитæ æрцæуудзæнæй, уой ба базондзинайтæ Паддзахадон Дигорон театри бацæттæгонд спектакль «Медейæ»-мæ бакæсгæй***

Рагонбердзейнаг мифологон исфæлдистади фæрци нæмæ æрбайгъустæнцæ уæдиккон игъустгонд силгоймаг Медейи хабæрттæ. Уонæми æвдист цæуй куд паддзахадæ Эетæ æма нигулæнгурдзиаг паддзахадæ Колхиди паддзахеуæггæнæг силгоймаг, куд медицини бундорæвæрæг. Фал айдагъ уомæй нæ райгъустæй æ ном. Цæветтонгæ, аци силгоймаг бауарзта номдзуд аргонавт Ясони. Уой дæр уойбæрцæбæл æновудæй, æма ин уомæй æхсицгондæр некебал адтæй æ царди медæгæ. Уой фудæй сауæнгæ устур бæлах дæр ма исаразта - æ фидæ æма е 'нсувæри рамаргæй, фæййагъаз кодта Ясонæн, уæди рæстæги хъæбæр цæстиварди ка адтæй, еци сугъзæрийнæ фусдзарм фæммадзал кæнуни гъуддаги. Фæллигъдæй аргонавти хæццæ Колхидæй Грецимæ. Рацудæй рæстæг, æма Ясон устурзæрдæ кæнун байдæдта æ уарзонбæл, сауæнгæ ма исфæндæ кодта æндæр, æ зæрдæмæ хъæбæрдæр цæун ка байдæдта, еци кизги ракорун. Медейæ уой ку базудта, уæд уоййасæбæл исмæстгун æй, æма еци кизги рамардта. Æма уобæл ку æрлæудтайдæ! Фал æ маст уойбæрцæбæл исагъазиау æй, æма Ясони фуддæрагæн рамардта, уой хæццæ син ци дууæ сувæллони исæнтæстæй, уони дæр. Еци фудбæлæхтæ исаразгæй, фæллигъдæй, æ баба Гелиос (бердзейнаг мифологимæ гæсгæ - Хуцау) ин ци сугъзæрийнæ уæрдун æрæрвиста, уобæл. Хабæрттæмæ гæсгæ, исхизтæй нивонди артгонди сæрмæ...

Аци силгоймаги царди хабæртти туххæй берæ аллихузон аййевадон, фулдæр драматургион уадзимистæ финст æрцудæй – финсгæ ба кодтонцæ недзамантæй нури уæнгæ игъустгонддæр драматургтæ.

Уонæй еу - игъустгонд французаг драматург æма сценарист Жан Ануй (1910-1987). Сæрмагондæй ба ин уомæ гæсгæ кæнæн æ кой, æма уой финст драмæ «Медейæ»-мæ гæсгæ спектакль бацæттæ кодта Паддзахадон Дигорон театри коллектив. Цæйбæрцæбæл æнтæстгинæй рауадæй сæ аци куст, уомæн аргъ искæнунæн ба, нæ хъазар газеткæсгутæ, уæхæцæн ес равгæ:

Жан Ануйи пьесæмæ гæсгæ спектакль «Медейæ» Паддзахадон Дигорон театр 9 октябри æвдесдзæнæй сахар Дзæуæгигъæуи, адæмон исфæлдистади Хæдзари сценæбæл (Иристойнаг гъæунгæ, 3, культури Галауан «Металлург»). Спектакль райдайдзæнæй изæрæй, 18 сахаттебæл.

Бæлвурддæр хабæрттæ базонæн ес мæнæ ауæхæн телефонтæй:

**99-13-31; 8-961-820-88-68.**



***Недзаманти фæсномуг радзурдтæ (басня) ка финста, уонæн сæ номдзуддæр адтæй ЭЗОП. Абони уæ зонгæ кæнæн æ уадзимистæй цалдæрей хæццæ.***

## ДОМБАЙ ÆМА САГ

Домбай исæрра 'й. Саг имæ гъæди къохæй кастæй æма загъта: «Мæгур нæ бон! Æнæ æррайæй нин дуйней фудбæллæхтæ ка æвзарун кодта, е ма нин е 'ррай рæстæги ба цитæ уинун кæндзæнæй!»

***Æмбесонд амонуй: паддзахади сæргъи хевæндæ æма галеу лæг ку 'рлæууй, уæд е адæмæн фидбилизи хуасæ æй.***

## ГАЛТÆ ÆМА СÆМÆН

Галтæ уæрдун ластонцæ, сæмæн ба хъис-хъис кодта. Галтæ разилдæнцæ æма ин загътонцæ: «Гъе, уæууæй, гъе! Уæрдун мах ласæн, нæтгæ ба ду кæнис?»

***Æмбесонд уой амонуй, æма адæммæ дæр ес уæхæнттæ: еуетæ косгæ фæккæнунцæ, иннетæ ба сæхе фæлладхузæй февдесунцæ.***

## БЕРÆГЪ ÆМА ДÆРКЪÆ

Берæгъ еу хæдзари рæзти цудæй. Дæркъæ еци хæдзари сæрбæл лæудтæй æма берæгъи ралгъиста. Берæгъ ба ин уотæ бакодта: «Ду мæ не 'лгъетис, фал мæ дæ бунат æлгъетуй».

***Æмбесонд амонуй: æ фадуат кæмæн фæууй, е хатгай æхецæй тухгиндæртæмæ дæр бандеуй.***


# ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» – АЛЛИ БИЙНОНТÆН!

**2021 АНЗИ ФИЦЦАГ ÆМБЕСÆН.**
**Æ РАФИНСУНИ АРГЪ ÆЙ 441 СОМИ 66 КЪАПЕККИ.**
**(ТУГЪДИ ÆМА ФÆЛЛОЙНИ ВЕТЕРАНТÆН БА – 383 СОМИ 34 КЪАПЕККИ)**




**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРÆСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙÆДТИ ДÆР, УÆДТА МУХУР УÆЙÆГÆНÆН КИОСКТИ ДÆР.**



Дигорæ

**Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».**
**Республиканская массовая общественно-политическая газета «Дигора».**

**Сæйраг редактор:** САКЪИТИ Бариси фурт Эльбрус.

**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел. 25– 22– 56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**E-mail:** gazeta-digora@rambler.ru

**Газет исаразæг æма уадзæг:** РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет. 362003, РЦИ-А, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.
**Учредитель и издатель**: Комитет по делам печати и массовых коммуникаций РСО-Алания. 362003, РСО-Алания, г. Владикавказ, ул. Димитрова, 2.

**Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон службi Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ 15 – 00141, 2017 анзи 14 апърели.**

**Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РСО-Алании. Регистрационный номер ПИ №ТУ15-00141 от 14 апреля 2017 г.**

**Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и.**
**357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.**

**Газета напечатана в ООО «Издательство «Южный регион». 357600, г. Ессентуки, ул. Никольская 5 а.**

**Газет цæуй къуæрей еу хатт – геуæргибони.**
Почти индекс **161**.
Тираж **650**. Заказ **№2072**
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 05.10.2020.

**Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мухурон рауагъдади пайдагонд ку цæуа, уæд гъæуама æнæмæнгæ бæрæггонд уа, «Дигорæ»-й ке рафинстонцæ, е.**

**Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не 'рветæн.**

**Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ авторт.**

**Рекламæ æма игъосункæнуйнæгти туххæй «Дигори» редакци æхемæ бæрнондзийнадæ нæ есуй.**